CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #४५
०१।४।२०७७

Coronavirus CivActs Campaign (CCC) सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## पेशा/व्यवसाय कर्जा भुक्तानी अवधिके म्याद थप

कोभिड-१९ के नियन्त्रण आ रोकथामके लेल कएलगेल पहलके कारण पर्यटन, स्वास्थ्य, सञ्चार, मनोरञ्जन लगाएत सब पेशा, उद्योग आ व्यवसायके लेल लेने ऋणके मूल आ ब्याज बन्दाबन्दीमे भुक्तानी करमे कठिनाई भेल अवस्थाके दृष्टिगत करैत कर्जा भुक्तानीके अवधी निचा देलगेल अनुसार थप कएलगेल छै:

### कम मात्रामे प्रभावित पेशा/व्यवसाय

२०७७ आषाढ मसान्त तकके मूलके किस्ता आ ब्याज २०७७ पौष मसान्ततक भुक्तानी कल सकैत छी

### मध्यम मात्रामे प्रभावित पेशा/व्यवसाय

२०७७ आषाढ मसान्ततकके मूलके किस्ता आ ब्याज २०७७ चैत्र मसान्ततक भक्तानी कल सकैत छी

### अति प्रभावित पेशा/व्यवसाय

२०७७ आषाढ मसान्ततकके मूलके किस्ता आ ब्याज २०७८ आषाढ मसान्त तक भुक्तानी कल सकैत छी

२०७७ आषाढ मसान्त तक असुल होब नै सकल लघु वित्तीय संस्थासँ प्रवाहित कर्जाके ऋणीके जरुरत आ व्यवसाय सुचारु होबमे लागवला समयके मुल्यांकन कलक बेसीमे ६ महिनातकके अवधी आगु बढाएल जासकैत छै

स्रोत: https://archive.nrb.org.np/ofg/monetary_policy/Monetary_Policy_(in_Nepali)--2077-78_(Full_Text)-new.pdf

## नेपाल अपडेट



बाँकेके कोहलपुर पिपरीमे पिसिआर परिक्षणके लेल तैयारी अवस्थामे रहल स्वास्थ्यकर्मीसभ
तस्बिर: नरेश श्रेष्ठ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: ३,१९,८७२
पोजेटिभ: १७,८४४
उपचाररत: ५,९३६
मृत्यु : ४०




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



कि नेपाल कोरोना मुक्त भ(लरहल छै त ? जनजीवन देखला सँ तेहने लगैछै ।

नेपालमे संक्रमणके दर धिरे धिरे घटैत जारहल जरुर छै, लेकिन कोरोना मुक्त भेल कहल नै जासकैय । अखनतक धनकुटा, पाँचथर, भोजपुर, रसुवा, मनाङ, मुस्ताङ, जुम्ला आ हुम्ला कलक जम्मा ८ जिलामे संक्रमितके संख्या शुन्य भेल छै । दैनिक परीक्षणके आधारमे सबसँ बेसी १६.५% संक्रमित पुष्टि भेलामे अन्तिम बेर ई दर घईटक २.३% पुगल छै । जनजीवन सामान्य जेना देखाई छै तैयो स्वास्थ्य मन्त्रालयद्वारा  जारी कएलगेल सुरक्षा मापदण्ड अपनेनाई जरुरी छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/drive/folders/1OSUvO0GfeoHOobLoBeBT35baYepNH9yC



CCMC मे स्वास्थ्य विज्ञ नै भेलई, तहि सँ ई प्रभावकारी तरिका सँ काज नै कर सकल, स्वास्थ्य संवेदना बुझ नै सकल कहैछ अछि ।

अई सम्बन्धमे २०७६ चैत्र १६ गतेके मन्त्रिपरिषद्के निर्णय अनुसार स्थापना भेल प्रदेशस्तरीय COVID – 19 Crisis Management Center के संरचनामे प्रदेश स्वास्थ्य निर्देशनालयके प्रमुखके आ जिला स्तरीय COVID – 19 Crisis Management Center के संरचनामे जिला स्थित स्वास्थ्य कार्यालयके प्रमुख समेतके समाबेश कलक काज सञ्चालन करके व्यवस्था मिलाएब कहिक २०७७ आषाढ २९ गते बैसल मन्त्रिपरिषद्के बैठक सँ निर्णय केने छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/cabinet-meeting-decisions



अखनके अवस्थामे वैदेशिक रोजगारीके क्रममे मृत्यु भेल आदमीके शव विमानस्थलसँ ओकर घरतक पुगावके व्यवस्था छै कि नै ? तैके लेल कत सम्पर्क करबै ?

वैदेशिक रोजगारीके क्रममे कोरोना बाहेक आरो कारण सँ मृत्यु भेल नेपालीके लाश शव नेपाल ल्याउने काम सुरु भएको छ । मृतकको शव घरतक पुगावला सम्बन्धित परिवारके सदस्यके वैदेशिक रोजगार बोर्डके सचिवालय सँ भेटवला नि:शुल्क शव ढुवानी सेवाके लेल ९८४१५०७८९८ (दिनबन्धु सुवेदी), ९८५५०३२२८८ (आशिष भण्डारी) आ ९८५११८५१८६ (मैया कँडेल) के सम्पर्क कर वैदेशिक रोगार बोर्डके सचिवालय आग्रह केने छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/ed.fepb



वार्षिक १०० कोई कामदार विदेश पठाब नै सकवला म्यानपावर कम्पनीके सरकारे बन्द करहल छै त ।

कोभिड-१९ के कारण ईजाजतपत्रवलाके कामदार विदेश पठाबके प्रकृया अवरुद्ध भेल बातके मध्यनजर करैत सरकार नयाँ निर्णय केने छै । जै अनुसार लगातार दू वर्षतक वार्षिक एक सय कोई कामदार पठाब नै सकल ईजाजतपत्रवला संस्थाके ईजाजत पत्र २०७७/७८ के लेल नविकरण कदेब कहने छै । लेकिन तेहन संस्थाके आ.व.२०७७/७८ के लेल नविकरण कराबैत काल आ.व.२०७६/७७ सँ २०७८ साल आषाढ मसान्त भितर कूल दू सयकोई कामदारके वैदेशिक रोजगारीमे पठौने होबके चाही ।

स्रोत: https://moless.gov.np/?p=3512#post/0

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५,००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | २,५०,९२० | ५९,७६३ | ३६,४२२ | १,०६,६४८ | ५६,९२२ | ६८,४०० | ८,८०० | १३,७७१ |
| नेपाली संक्रमित | १,७५० | १५०० | ४५१ | २०,६०० | २००० | ४५ | ८१ | |
| मृत्यु भएका नेपाली | ९ | ७ (मृत्यु भएक नेपाली) | ३ | १६ | ३० | १ | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## अपने पैसामे फिर्ता नै आबसकवला वैदेशिक रोजगारीमे भेल श्रमिकके सरकारद्वारा देल जायवला हवाई टिकटके सुविधा लेब कि कर परतै ?

### हवाई टिकटके सुविधा पाव आवश्यक मापदण्ड

१. नेपाल सँ श्रम स्वीकृति लऽक गेल होबके चाहि आ श्रमके अवधी बाँकी रहल होबके चाहि ।

२. कम्पनी लगाएत आरो कतौ सँ कोनो सहयोग नै पौने या पाब नै सकके अवस्था होब परत ।



रकम उपलब्ध कराब सँ पहिले व्यक्ति योग्य भेल नै भेल सुनिश्चित कऽक मात्रे बैंक खातामे रकम ट्रान्सफर कएल जेतै ।

### केहन आदमीके कते सुविधा भेटतै ?



१. करार अवधी १ वर्षसेहो नै कटलके लेल १००%,

२. करार अवधी १ वर्ष कटल, लेकिन, फेरो पुन:श्रम स्वीकृती नै लेनेके लेल ७५%,

३. पुन:श्रम स्वीकृती लऽक विदेश गेलके हकमे ५०% हवाई टिकेटके रकम सरकार उपलब्ध करेतै ।

विदेशमे भेल आ नेपाल फिर्ता आबिचुकल सेहो आवेदन दऽ सकैत अछि । विदेशमे कुटनीतिक नियोग (दुतावास) मे तोकलगेल ढाँचामे निवेदन देब परैछै त, नेपालमे वैदेशिक रोजगार विभागमे निवेदन दऽ सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्व १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## आ.व. २०७५/७६ के बेरुजुके अवस्था




**जम्मा बेरुजु**

**१ खर्ब ३३ अर्ब**

सरकार प्रकृया के कुचैलक केने खर्च या सहि लेखांकन नै भेल रकमे बेरुजु रकम छै । एत तीन प्रकारके बेरुजुके चर्चा कएलगेल छै:

असुलउपर करपरवला: नियम विपरीत खर्च कएलगेल या खर्च करपरवला सँ बेसी खर्च कएने आ सम्बन्धित निकायके असुल उपर करपरवला ।

नियमित करपरवला : उचित लेखांकन नै कएलगेल खर्च ।

पेश्की : अग्रिम भुक्तानीके रुपमे रकम देलगेल, लेकिन ओही आर्थिक वर्षमे हिसाव मिलान नै भेल ।

आर्थिक वर्ष २०७५/७६ के बेरुजु सम्बन्धी ई जानकारी सार्वजनिक कएलगेल छै ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## उच्च बेरुजु भेल पाँच मन्त्रालयके आर्थिक वर्ष २०७५/७६ के तुलनात्मक विश्लेषण




आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे बेसी बेरुजु देखाएल पाँचटा मन्त्रालयके तुलनात्मक अध्ययन करलापर समस्या कत छै से बात देखल जा सकैत छै । मनन् करवला बात त, प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषदके कार्यालय सेहो बेसी बेरुजु देखाएल पाँचटा मन्त्रालय भितर परैत छै । यद्यपी ओत भितर सार्वजनिक वित्त निर्माण करनाई आ अनियोजित खर्च घटाब तरफ काम करवला संस्था समेत परैत छै । अर्थ मन्त्रालय बाहेक आरो मन्त्रालयके पेश्कीके अवस्था चिन्ताजनक छै । एकर मतलब, आर्थिक वर्षके अन्तमे बहुते खर्च भेनाई आ ओही आ.व.मे हिसाव मिलान नै भेल देखाईत छै । उपरका तालिकामे देखाएल अनुसार, रक्षा मन्त्रालयके अपन १००% बेरुजु पेश्कीमे केने अछि । तहिना कळक प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषदके कार्यालय आ भौतिक पूर्वाधार तथा यातायात मन्त्रालयके पेश्कीमे बेरुजु क्रमशः ८८% आ ७९% छै । अई सँ ओई मन्त्रालयसभके आ.व. के अन्तिम दिनमे खर्च कळक हिसाब मिलान करके समय नै पेलक से देखाबैत अछि । जे कि सार्वजनिक वित्त व्यवस्थाके विपरित छै आ सार्वजनिक निकायके समये मे खर्च करके साथे लेखांकन सेहो राख परैत छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भळक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कळक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कळक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# कोभिड-१९ के कारण धरासयी विश्व अर्थतन्त्रमे प्रविधिके उदय

कोभिड-१९ के कारण विश्व अर्थतन्त्र धरासयी भेल छै । विश्व बैंकके प्रक्षेपण अनुसार, सन् २०२० मे विश्वके कुल गार्हस्थ उत्पादनमे ५.२% सँ गिरावट आओत । पर्यटन, हस्पिटालिटी, विश्व श्रमबजार उठमे वर्षौं लाग सकके अनुमान केने अछि । लेकिन, प्रविधियुक्त किछ व्यवसायसभ लेकिन अई समयमे पनपके अवसर पेने अछि ।



## ईकमर्स

समग्रमे कोभिड-१९ के विश्वव्यापीकरण पश्चात फैलल क्षेत्र छै अनलाईन व्यापार । प्राय: आदमीसभ विलासिताके सामान अनलाईनसँ किनैत छल । विश्वभैर लकडाउन भेलाकेबाद मुदा, आदमीसभ दैनिक उपभोग्य सामग्रीसभ जेना दाईल, चाउर, नून, तेल सँ लऽक दवाई आ आरो जरुरतके सामानसभ अनलाईन सँ अर्डर कऽक घरेमे मंगेलक । बहुते अनलाईन व्यवसायीके स्टोरसभ खाली भेल । आरो व्यवसाय संकुचित भेल समयमे, बहुते अनलाईन व्यवसाय अहि समयमे विस्तार भेल ।

## भिडियो कन्फरेन्सिङ

विश्व प्रविधिमैत्री बनिरहल छै । लेकिन, कोभिड-१९ के बाद व्यवसाय आ सेवाप्रदायक कार्यालयसभ एकाएक ठप्प जेना भगेल । कर्मचारीके घरे सँ काम कर परके बाध्यता जेहने भेलै । धिरे धिरे उसभ भिडियो कन्फरेन्समे अभ्यस्त होईत गेल । माइक्रोसफ्टके मार्चके मध्य महिनाके रिपोर्ट अनुसार, मात्रे "टिम टुल" प्रयोगकर्ता एके सप्ताहमे ३७% सँ बढलै । दैनिक प्रयोगकर्ता ४ करोड ४० लाख छलै । मार्च ३१ मे एके दिनमे मात्रे २ अरब ७० करोड मिटिङ भेल कृतिमान कायम केने छलै ।





## मोबाईल एप्लिकेशन

अई अवधिमे मोबाईल एप्लिकेशन डाउनलोड करवलाके संख्या सेहो एकाएक बढलै । विशेष कऽक क्वारेन्टाईनमे रहल आदमीके घर सँ बाहरके अवस्थिती आ जानकारी लेब मोबाईल एप्लिकेशनके बेसी प्रयोग केलक । गुगल एन्ड्रोईड, आईफ(ोन एप, हवाट्सएप आ फेसबुक म्यासेन्जरके प्रयोग एकाएक बैढ्गेल । अहि समयमे युरोपमे Health and fitness app के डाउनलोड ४६% सँ बढ्लै । अमेजनके प्रयोगकर्तासभ वर्षके पहिल त्रैमासिकमे २ करोड अमेरिकी डलर खर्च केलक । जे विश्वव्यापी रुपमे सबसँ बेसी डाउनलोड भेल एप्लिकेशन छै ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस्



## डा. सन्दिप उरखेडा

मेडिकल सुपेरिटेन्डेन्ट

जिल्ला अस्पताल बझाङ

"जेठ महिनाके अन्तिम सप्ताहमे बाहरसँ आबवलाके संख्या एकेबेर बैढ्गेल । बझाङ जिलाके क्वारेन्टाईनमे ३००० सँ बेसी आदमीके एकेबेर रह परल । तहि समयमे धनगढी आ काठमाण्डौके प्रयोगशालामे नमुना भरिभराउ भेलै । आषाढके २/३ गते पठाएल नमुनाके परिणाम आषाढ २८/२९ गते मात्रे एलै । परिणाम अबेर कलक एला सँ किछ आदमीके ५२ दिनतक सेहो क्वारेन्टाईनमे राख परलै । लेकिन, स्थानीय तहके धैर्यता आ सहयोगसँ हमरासभके काजके सहज बनेलक । एहि बीचमे हम संक्रमित छी कि कहिक डरेडरसँ  क्वारेन्टाईनमे रहल दूकोई आत्महत्या केलक, लेकिन ओकरासभके परिणाम निगेटिभ एलै ।  अई घटनासँ हम स्वास्थ्यकर्मीसभके किछ निराश बनेलक । तेकरबाद हमसभ ईलाज संगे मनोपरामर्शके सेहो उच्च प्राथमिकताके साथ आगु बढेलौ ।"

## पवन कुमार मण्डल

स्वास्थ्य फोकल पर्सन

मटिहानी नगरपालिका, महोत्तरी



"हमहीसभ बेसी सूचित छी, आरोके सूचित करके जिम्मेवारी सेहो हमरेसभके छै आ हमरे सभके संक्रमणके बेसी डर छै । हमरासभके प्रत्यक्ष बिमारीके सम्पर्कमे रह परैत अछि । प्रत्येक आदमीसंगे सशंकित होबपरके अवस्था छै । एते होईतो तैयो हमसभ मानसिक रुपमे ईलाज करपरत कहिक तैयार छी । सरकारद्वारा प्रोत्साहन भत्ता देत कहिक हल्ला सुनलौ । मातहतके स्वास्थकर्मी साथीसभ सेहो हमरा पुछिरहल अछि, सरकार देब कहिक कहने प्रोत्साहन भत्ता आयत कि नै आयत? हुनकासभके पुछवला आदमी सेहो हमही छी । कि जवाब दियै हमरे नै बुझल अछि । सरकार निर्णय करलाके बाद कार्यान्वयन करेत त स्वास्थ्यकर्मीके मनोबल उच्च होईतै ।"



## नरेश कुमार श्रेष्ठ

कोरोना फोकल पर्सन

बाँके

"बैशाख १९ गते जिलामे पहिल संक्रमण देखेलै । तेकरबाद नेपा( लगञ्ज कोरोनाके केन्द्र बनलै आ तेकर देशेभैर चर्चा भेलै । एककोईके मृत्यु भेलाकेबाद सुरक्षाकर्मी आ स्वास्थ्यकर्मी जायला नै मानने अवस्था छलै । हम अपने सेहो खटिक अवस्था सामान्य भेलै । लेकिन, पहिलेसंगे खाय, रहवला साथीभाईसभ दुरदुर होईत गेलापर भेदभाव भेल महसुस होईछल ।"

सही सूचना

# दैनिक पिसिआर परीक्षणके संख्या घटि्रहल ।
# कि हमसभ लकडाउन ढिला करला तैयार छी ?

## जुलाई महिनामे भेल पिसिआर परीक्षण




ई सत्य छै कि, सरकारके पिसिआर परीक्षणके क्षमता कते छै तै बातसँ संक्रमण पुष्टि करैत छै । लेकिन, उपरका ग्राफसँ, नेपालमे पिसिआर परीक्षणके दायरा बढाब नै सकल अछि । मन्त्रालयके कहब अनुसारके दैनिक परिक्षणके दर सेहो कर नै सकल अछि, जुन जुलाई महिना भैर १५ हजार परीक्षण करब कहने छलै । लकडाउन ढिला भगेल अवस्थामे, तत्काल बहुतेके  संख्यामे परिक्षण केनाई जरुरी छै । अईसँ समुदाय स्तरमे संक्रमण फैलसँ रोकल जासकैत अछि । यदि परिक्षणके दायरा बढाब नै सकलौ त, लकडाउन ढिला भेल अवस्थामे संक्रमण बढ्के सम्भावना रहत आ संक्रमण सरकारके नियन्त्रण सँ बाहर जासकैत अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219